



Andirans bloke nan Glas

27 oktòb, 1915

Andirans pran nan yon pyèj. Gwo blòk glas te kraze tout sou kote li. Etan li te sou platfòm nan, misye Ernest Shackleton te kapab gade lanèj ak glas ki gaye sou tout etandi an. Dis mwa de sa, sèl bagay kite nan tèt li ansanm ak ekipaj la se yo ki pou premye i travèse Pòl Sid Antatik la.

Sèl enkyetid li kounye a se pou mesye ki ak li yo. Ki sa ki va rive yo – e konbyen tan bato a genyen anvan li kraze? *Endirans* te **kreve** nan tout kò l. Shak pakab retade, li pase lòd pou tout **ekipaj** la soti sou bato a. Yo al rete sou lanmè *Weddell*. Zouti, tant, bwa pou fè dife, sak de kouchaj manje ak rad pou gason, twa **kannòt softaj** an ka yo jwenn kote glas la fond. *Andirans* se te kay ekipaj la pandan lontan. Kounye a se pou yo abitye yo ak vi nan glas la.

21 novanm, 1915

Prèske yon mwa apre, bwi bwa fè tout mesye yo pantan. Yo wè pa dèyè bato a leve anlè e bato a tonbe glise anba glas la. Yon minit apre twou a **konjele**. Ant Frank Worsley ak Frankie Wild yo sipoze deside kisa pou yo fè.

23 *Desanm, 1915*

Egzekite plan ap difisil anpil. Rale kannòt softaj ki ranpli ak materyo, travèse plant ak zannimo yo soti nan glas la; li tap enposib. Nan lòt mwa yo, manje se te preyokipasyon Tom Orde-Lee. Se li ki sipoze chèche sa. Pengwen ak fòk pa ase. Pou manje vyann, pechè yo ale byen lwen. Li te trè danjere, yon fwa pandan yo t ap retounen, yon gwo tèt mons parèt sou Tom nan glas la. Se te yon gwo leyopa ki li menm tou t ap chèche manje yon pengwen.

Tom **kilbite** e li tonbe. Gwo bèt la sote nan glas la. Tom kouri pou l sòti e li t ap rele pou yo vin ede l. Frankie Wild pran yon fizi, li tire twa fwa sou bèt la e li tiye l. Yo vin gen vyann pou twa jou.

8 *avril, 1916*

Pandan senk mwa edmi sou glas, yo pat janm benyen. Mesye yo pat santi bon. Rad yo te plen grès, dechire e plake sou po yo ki lakòz yo gen anpil doulè. Men yo krake nan fre di a, grangou retire fòs tout moun. Gwo bout glas kòmanse fond an ti mòso toutotou mesye yo pandan y ap flote arebò lanmè polè. Shack konnen mesye li yo pat kapab siviv 800 mil nan yon bato san kouvèti sou zile Sid Georgia. Konsa mesye yo decide pran kannòt sovtaf epi yo ale sou yon zile ki rele zile Elefan. Shackleton di yo rete la jouk li retounen. Li pran senk nan mesye yo, li monte nan yon ti kannòt sovtaf pou al chèche sekou.

11 *p.m. 8 avril, 1916*

Kondui toutotou blòk glas pat fasil. Kannòt yo t ap frape e yo fè kolizyon ak gwo mòso glas. Lè nannwit rive, yo rale kannòt yo e monte yo pi wo. Men dòmni pat fasil, dra yo ak lènn yo te mouye e bwi labalèn kap fè wonn bato yo te anpeche moun fè yon ti asoupi. Yon nwit, Shack tande yon bwi e li gen presantiman yon bagay te pral rive. Li souke Frankie e li ale deyò tant la pou yo gade. Yo wè yon gwo vag ki bwote yon gwo bout glas ki kase an de moso tap vini dwat nan tant nimewo 4 la.

Shack tande yon mouvman e wè yon fòm nan dlo a, se te yon **sakdekouchaj** ak Ernie andedan l. Shack ajì vit. Li rale sakdekouchaj la ki te mouye an tranp e nan yon segonn de gwo moso blòk glas frappe ansanm.

13 *avril, 1916*

Finalman mesye yo rive nan kote ki te gen dlo. Gwo lanm lanmè ak move tan frape fò twa kannòt yo rele *James Caird, Dudley Docker, ak Stancomb Wills*. Vag lanmè a leve e desanm tankou yon **soukoup volant**. Dlo vole nan tout figi yo. Preske tout mesye yo vin gen **maldemè**. Epi yo kòmanse swaf, dlo lanmè a tonbe nan bon dlo pou yo bwè a. Lang yo anfle anpil sa ki fè l difisil pou yo vale. Yo te **dezidrate**. Yo dwe fè sa yo kapab pou yo rive nan Zile Elefan!

15 *avril, 1916*

Mesye yo pèdi pasyans apre anpil semènn nan lanmè. Pou esaye fè kè yo kontan Tom Crean tonbe chante. Men sa p at mache, toudenkou yon bagay parèt byen lwen. Shack

rele Frank Worsley ki te nan *Dudley Docker* pou li di l men "Skipper" sou zile Elefan an.

24 avril, 1916

Zile Elefan se te wòch, glas, lanéj ak van. Tant yo, van pote yo ale. San pran souf, Shack gen plan pou ale nan zile Sid Georgia. La, Shack ap eseye jwenn èd. Vennde mesye ap rete dèyè pandan Shack ak ekipaj la ap brave danje uit san mil la ki ivè ki pi mal sou latè a.

Senk mesye ki te rete yo: Frank Worsley; Gwo Tom Crean; chapentye, Chippy McNeish; ak de lòt mesye, Tim McCarthy ak John Vincent. Men yo friz epi ak kèk zouti Chippy prepare Caird pou jounen brital sa ki ap tann yo. Mesye yo te wé zile a sèlman néf jou apre, Shack ak ekipaj de senk mesye li yo te twouve yo nan dlo ankò.

Mesye ki rete dèyè yo, yo tap bezwenabri pou yo pa mouri nan fredri a. Franki Wild fè mesye yo vire de bato ki te rete yo tèt anba e kòt a kòt. Apre sa, yo kouvri e mete yon fou andedan bato yo. Kote yo te abrite a te fè nwa e plen se avèk yon mèch yo te limen ki tap klere yo. Yon bagay mesye yo pat atann: chalè kò yo ak chalè fou a te fond glas yo ansanm ak tata zwazo ki te la depi lontan nan glas la. Sant la te tèrib. Jou apre jou mesye yo tap gade pou wè si Shack tap tounen vin chéche yo. Pou konbyen tan y ap rete la a? Èske Shack te oke?

5 me, 1916

Kannòt Caird fè wout li nan glas la. Gwo lanm lanmè a te move e preske chavire kannòt la. Dlo te rantre nan kannòt la

10 me, 1916

Yo tap goumen pou yo flote sou dlo pandan nevèd tan. Yo panse pat gen espwa, yon mirak rive; lanmè a vin kalm e kannòt Caird la rive nan plaj yo rele King Haakon Bay. Finalman yo jwenn moun pou ede yo.

19 me, 1916

Mesye te siviv men danje a te toujou la. Yo monte gwo wòch, yo grenpe mòn ki gen glas sou li pandan plis ke trant tè san dòmi. Finalman yo tande son yon siflèt. Èske se estasyon an?

4pm 20 me, 1916

Shack jwenn yon pi gwo bato. Li retounen al chache mesye li te kite sou zile Elefan an. Sa pran twa mwa pou l traverse glas yo. Men l rive fè sa kan mèm! Tout moun soti vivan. Yo resi pral lakay yo. Shack te yon ewo.

Aktivite

Diskite mo vokabilè yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lekti istwa a.

Kreve – ekipaj – kannòt softaj – konjele – kilbite – soukoup volant – maldemè – dezidrate

Mwen konprann tèks la

1. Shackleton te vle pou li te premyè moun ki travèse Pòl Sid la, kounye a li plis konsène pou ekipaj la. Èske ou konnen poukisa?
2. Kijan ou panse ekipaj la te santi yo?
3. Lè Shackleton, Worsley ak Wild oblije fè plan kisa yo tap panse pou egzekite plan a?
4. Kijan ou panse Shackleton santi l lè l ap pran desizyon ak bay lòd a tout ekipaj la?
5. Ki ide prensipal istwa a?
6. Kijan otè a fè ou konnen moun yo manje pengwen ak fòk pou vyann?
7. Poukisa Tom renmen pengwen pase leyopa?
8. Nan tout desizyon Shackleton ap pran yo, ki prediksyon ou ka fè de zile Elefan?
9. Èske ou panse se sèlman bwi labalèn yo t ap fè ki fè mesye yo pa dòmi?
10. Èske Shackleton se yon bon lidè? Esplike repons ou a?
11. Yo di mesye yo te dezidrate. Sa dezidrate vle di?
12. Vag lanmè a leve tankou yon soukoup volant, Sa sa vle di?
13. Dekri senk mesye ki te rete dèyè yo fè?
14. Ki lòt pwoblèm mesye yo te rankontre lè yo tap apwoche zile sid Georgia?
15. Si ou te sou bato a ki bò ou ta renmen ye : rete nan kav la pou tann Shackleton oubyen al brave danje nan wòch nèj la jisk ou jwenn estasyon an?
16. Ki rezime otè a fè nan fen istwa a?

Ann nou reflechi sou tèks la

1. Kisa ki te pi difisil nan vwayaj Shackleton nan?
2. Lè Shackleton kite ekipaj la dèyè kisa mèsye yo t ap panse?
3. Ki pi gwo pwoblèm yo jwenn nan vwayaj sa a? Esplike e bay detay pou sipòte repons ou a?
4. Itilize mo pa w pou pale de istwa a.
5. Poukisa yo rele Shackleton yon ewo?
6. Konpare vwayaj Shackleton ak « Mayflower » vwayaj. Kijan youn diferan ak lòt?

Ann ekri

1. Shackleton fè yon pale ak tout ekipaj li a. Ki sa ou panse li di yo.
2. Fè yon lis tout sa yon moun bezwen pou siviv. Èske nou ka viv san manje?
3. Dlo ka pran fòm sa yo bay egzanzp:

<u>Likid</u>	<u>Solid</u>	<u>gaz</u>

--	--	--